*Ассаламу гIалайкум!*

# ЛЪАРАТIА

**ГАЗЕТА «ТЛЯРАТА»** ЛъаратIа районалъул газета

**№№ 9-10 * август - сентябрь * 2021 с. Газета биччала моцIида жаниб цо нухалъ. Багьа 20 гъ.**

# ЦIияб цIалул соналде хIадурлъи





**ЛъаратIа райадминистрациялда тIобитIана цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул рахъалъ кIудияб данделъи. Гьенир данелъана тIолабго районалдаса лъай кьеялде гIахьаллъи бугел гIадамал. ГIадатияб къагIидаялда, данделъи тIобитIизе кколеб куцалъ, иргадал хIакимзаби ва мугIалимзаби цере рахъун цIалана халатал докладал.**

Августалъул 28 къоялъ данделъиялда гIахьаллъи гьабуна районалъул бетIерасул заместитель МухIамад МухIамадгIалиевас, администрациялъул хIалтIи – ишазул нухмалъулев СултIан МухIамадовас ва райсобраниялъул председатель ГIабдула ГIабдулаевас, лъай кьеялъул нухмалъулев Сулейман Меджидовас ва гьединго росабазул бегавулазгун мугIалимзабаз.

Совещание байбихьана районалъул бетIерасул заместитель МухIамад МухIамадгIалиевас. Гьес киналго мугIалимзабазда баркана цIияб цIалул сон ва гьарана гьезие цIиял бергьенлъабигун хIалтIулъ дандеккей.

« Дица киналго мугIалимзаби ахIулел руго хIалтIудехун бербалагьи цIикIинабиялде. Нилъеца районалда лъай кьеялъул хIалтIи бахинабизе ккола цIияб даражаялде. МугIалимзабазул хIалтIудехун ва лъималазул цIалиялдехун бугеб гьираялда бараб буго гIун бачIунеб гIелалъул лъаялъул ва цебетIеялъул хIасил. Гьелда балагьун кьела жамагIаталъ нилъер киназулго хIалтIуе къимат» - ян абуна МухIамад МухIамадгIалиевас.

Докладгун цеве вахъана районалда лъай кьеялъул идараялъул нухмалъулев Сулейман Меджидов. Гьесул рагIабазда рекъон, районалда лъай кьеялъул рахъ цебетIезабиялъулъ ругел масъалаби данде гьарураб доклад бугила хIадурун.

« Республикаялъул цебетIеялъул хасаб проекталда рекон, гьарулел руго лъай кьеялда хурхун мероприятиял, батIи – батIиял хIалтIиял. КIудияб хIалтIи гьабуна школазда дарсал кьолеб ва тарбия кьолеб къагIида цIигьабун, кколел тIалабазда рекъезабизе. Гьединго хIукуматалъул тIалабазда рекъон, школаби ва интернатал цIигьарулел руго. ЦIияб цIалул сон байбихьилелде киналго школазде щвезаруна гос стандарталда рекъон тIахьал. Киналго школаздагун ясли – ахазда гьарун руго ремонтал» - ян абуна Сулейман Меджидовас.

КIалъазе рахъана цоги данделъиялда гIахьаллъи гьабурал хIакимзабиги. Райадминистрациялъул хIалтIи – ишазул нухмалъулев СултIан МухIамадовасул пикруялда рекъон, тIоцебе кIвар буссинабизе ккараб суал бугила цIалдохъаби ЕГЭялде хIадурлъизариялда хурхун. Гьеб суал щибаб лъагIалидаса захIмалъулеб бугила ва тIадчIун хIалтIи гьабичIони лъай кьеялъул рахъ нахъе ккезе бугила. Цоги гьесул пикру, кIварабгIан цIикIун кIвар кьезе ккола, цере тIурал цIалдохъаби лъазари ва гьезул гьунар мухIканго тIатинаби. Гьелъ рес кьезе буго цIалдохъанасул цо хасаб рахъ цебетIезабизе. Математикаялъул мугIалимзабазул аттестация гьабизе кколила зама – заманаялдасан.

Киналго цере рахъарал докладчиказ баркана мугIалимзабазда цIияб цIалул сон ва хасго лъикIал хIасилал рихьизарурал хIалтIухъабазе кьуна районалъул нухмалъиялъ батIи – батIиял шапакъатал.




# Школазул хал–шал гьабуна

**Сентябралъул ахирал къоязда Лъаратlа районалъул нухмалъиялъ хал – шал гьабуна районалъул бакl – бакlазда ругел школазул ва ясли – ахазул. Хасаб кlваркьолеб букlана лъай кьеялъул учреждениязул хаслихълъиялде кинаб хlадурлъи бугебали. Гьелъие гlоло гlуцlана хасаб комиссия ва гьеб щвана райцентралдаса рикlкlад ругел росабалъеги.**

Комиссиялда гъорлъ рукlана районалъул бетlерасул заместитель Мухlамад Мухlамадгlалиев, райадминистрациялъул хlалтlи – ишазул нухмалъулев Султlан Мухlамадов ва районалъул лъай кьеялъул нухмалъулев Сулейман Меджидов.

Гьезул пикруялда рекъон, исана Лъаратlа районалда ругел школаби ва ясли – ахал хlадурун руго цlияб цlалул соналде ва хасало заманаялъ къварегlарал шартlал чlезарун ругила хlукуматалъул тlалабазда рекъон.

Сулейман Меджидов: «Гlага - шагарго киналго школазда гьарун руго ремонтал, къадазда гач бахъун, полазда краска бахъун, ресалда рекъон хlалтlи гьабун буго киналго лъай кьеялъул учреждениязда. Цlигьарун руго спортзалал.

Районалда киналго школазда буго цlияб хинлъи чlезабулеб система (Воздушно – тепловой режим). Гьеб режималде киналго школаби рачана гъоркьисеб цlалул сон байбихьарабго. Гьаб саглаталда цlадул печаз хинлъизарулел школаби гьечlо районалда. Руго капиталияб ремонт гьабун бахъарал школалги.

Хасаб хал – шал гьабуна нижеца школазда цlа ккеялдаса цlуниялъул кинаб хlадурлъи бугебали. Гьеб бищунго цlуни гьабизе ккараб суал буго. Нилъеда лъала ахирал соназда районалда чанго лъугьа – бахъин ккана школа бухlараб. Ракl чlун абизе бегьила киналго лъай кьеялъул учреждениял хасалоялде хlадурун ругилан» - ян абуна Сулейман Меджидовас.

Араб соналъ районалда хlукуматалъул « l00 школ» абураб хасаб программаялда рекъон цlигьабун букlана кинабниги 6 школа. Гьениб киналго тlалабазда рекъон гьабун буго хасало хинлъи кьеялъул система. Гьезие гlураб къадаралъул тlурччи ва цlул чlезабун бугоян баян кьуна районалъул нухмалъиялъ.

МВД сообщает:

## ПАМЯТКА О проводимой межведомственной комплексной профилактической операции «Подросток-2021»

УВАЖАЕМЫЕ ГРАЖДАНЕ!!!

С 22 сентября по 03 октября 2021 года на территории Тляратинского района Республики Дагестан проводиться комплексная оперативно профилактическая операция «Подросток-2021». Оперативно профилактические мероприятия предлагается проводить с привлечением субъектов системы профилактики безнадзорности и правонарушения несовершеннолетних, общественности. Профилактические мероприятия будут проводиться на постоянной основе еженедельно.

**Цели мероприятий:**

Во взаимодействии с представителями КДН и ЗП, органов и учреждений системы профилактики осуществляется проверка состоящих на учете родителей и семей «группы риска».

Проверять учреждения с круглосуточным пребыванием несовершеннолетних на предмет самовольных уходов, условий содержания, организации воспитательной работы и контрольно- пропускного режима.

Посещать по месту жительства несовершеннолетних состоящих на учете в органах внутренних дел, с целью установления их причастности к ранее совершенным. преступлениям, профилактики совершения ими правонарушений. Проверки соблюдения им установленных ограничений.

Организовать проведения мероприятий, направленных на выявление несовершеннолетних правонарушителей, а также лиц, вовлекающих несовершеннолетних в преступную и антиобщественную деятельность.

Организовать проведение мероприятий в местах возможного пребывания несовершеннолетних с целью выявления лиц, провоцирующих подростков на совершение правонарушений и иных антиобщественных действий, в том числе связанных с проявлением экстремизма, попрошайничеством, эксплуатирующих детей с целью получения прибыли, безнадзорных, и. беспризорных несовершеннолетних, а также фактов распространения среди несовершеннолетних наркотических средств и психотропных веществ. Принимать меры по направлению несовершеннолетних указанных категорий в учреждения системы профилактики безнадзорности и правонарушений несовершеннолетних.

Осуществлять проверку мест концентрации групп несовершеннолетних, антиобщественной направленности, принимают меры по их разобщению и переориентации, а также изъятии несовершеннолетних, находящихся в общественных местах, в ночное время суток, (с 22 часов 00 минут по 06 часов 00 минут) без сопровождения родителей или лиц их заменяющих.

Граждане которые располагают информацией' по вышеуказанным направлениям деятельности сотрудников ОВД, органов и учреждений системы профилактики, прощу обратиться к нам по круглосуточному номеру **8-961-835-29-79**

# СПИСОК ДЕПУТАТОВ НАРОДНОГО СОБРАНИЯ РЕСПУБЛИКИ ДАГЕСТАНА

**Избирательная комиссия Дагестана утвердила список депутатов Народного собрания республики седьмого созыва по итогам прошедших выборов. Большая часть мандатов досталась «Единой России» (69 из 90), партия «Справедливая Россия – За правду» получила 11 мест в парламенте, КПРФ – 10.**

## «Единая Россия»

Меликов Сергей Алимович
Керимов Сулейман Абусаидович
Аскендеров Заур Асевович
Глазов Кирилл Николаевич
Ахмедов Сайгидахмед Салихович
Османов Гасан Маликович
Магомедов Эсенбулат Хаджалович
Левицкий Юрий Андреевич
Гадисов Абдусалам Маматханович
Тагибова Зульгимар Ибрагимовна
Гаджиомаров Магомедали Наврузович
Курбанов Нахбар Ражабкадиевич
Айгубов Садрудин Занкуевич
Абдулкеримов Осман Махмудович
Магомедов Абдулла Вахаевич
Патхулаев Магомед Малачевич
Батдалов Батдал Раджабович
Нажмудинов Джамалудин Гамзатович
Магомедов Хаджимурад Сайгидмагомедович
Кудиямагомедов Магомед Омарович
Рабаданов Муртазали Хулатаевич
Гаджиев Азад Яхьяевич
Алиева Асият Наримановна
Раджабов Фирудин Джамирзеевич
Умаханов Мухтарпаша Дарбишевич
Умавов Юсуп Джанбекович
Магомедов Магомед-Султан Байболатович
Исмаилов Мурад Шейихович
Шабанов Алиасхаб Гаджиевич
Абдуллаев Вагиф Давудович
Рамазанов Шамиль Рустамович
Гаджиев Алимурад Ахмедович
Карибов Анатолий Шамсутдинович
Ильясов Марат Сиражутинович
Халалмагомедов Мухтар Абдулаевич
Велимурадов Мусафенди Абдулмеджидович
Исрапилов Артур Анварович
Махачев Далгат Гаджиевич
Умаханов Сайгидпаша Дарбишевич
Голоев Ризван Аливкаевич
Гиндиев Муслим Абдулхаликович
Булатов Осман Шамильевич
Ельникова Елена Анатольевна
Малаев Хаджимурат Магомедович
Аваев Имран Наврузбекович
Павлюченко Елена Ивановна
Магдиев Абакар Шигабудинович
Расулов Заур Магомед-Расулович
Магомедов Хабибулла Магомедович
Сулейманов Давуд Амаевич
Рагимов Тельман Музагирович
Фаталиев Велиюлла Абдуллаевич
Алиев Сефер Насирович
Мамаев Ильяс Ахмедович
Асиятилов Магомед Суракатович
Садулаев Магомед Мухтарович
Курбаналиев Абдулмуслим Магомедович
Камилов Абдурахман Саидович
Хучбаров Хучбар Загидович
Гаджиагаев Расим Везирханович
Сайпов Дайтбек Магомедхабибович
Ибрагимов Руслан Мавланович
Салавов Джамбулат Шапиевич
Магомедов Магомед Абдулмаджидович
Ибрагимов Султанахмед Магомедсалихович
Громов Валерий Анатольевич
Курбанов Магомед Сиражутдинович
Яралиев Имам Музамудинович
Багомедов Али Гаджиевич

## «Справедливая Россия – За правду»

Давдиев Камил Магомедович
Пайзулаев Мурат Магомедович
Муртузалиев Муртузали Магомедович
Омаров Заирбек Гаджимурадович
Омаров Шамиль Гасбуллаевич
Адзиев Магомедали Нурмагомедович
Шамхалов Джамалдин Забидович
Алипулатов Ильман Субханович
Алиев Али Камалутдинович
Хидиров Мурадхан Хидирович
Сагидов Сагид Камалович

## КПРФ

Абдулхаликов Самир Касумович
Лабазанов Абдулвахид Магомедович
Махмудов Махмуд Гаджулаевич
Алиев Изи Ахмедович
Магомедов Магомед Ибрагимович
Умаханов Якуб Сайгидпашаевич
Каримов Махмуддибир Гасайлович
Габибов Курбан Омарович
Авезов Мурзадин Алибекович
Абуков Уллубий Умарпашаевич

# Ужесточена ответственность за повторное вождение в нетрезвом виде

**Федеральным законом от 01.07.2021 № 258-ФЗ внесены изменения в статью 264.1 УК РФ.**

Установлено, что теперь управление автомобилем, трамваем либо другим механическим транспортным средством лицом, находящимся в состоянии опьянения, имеющим судимость за совершение в состоянии опьянения преступления, предусмотренного частями второй, четвертой или шестой статьи 264 либо статьей 264.1 УК РФ, **наказывается:**

Штрафом в размере от 300 тыс. до 500 тыс. рублей или в размере заработной платы или иного дохода осужденного за период от 2 до 3 лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 6 лет;

Исправительными работами на срок до 2 лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 6 лет;

ограничением свободы на срок до 3 лет с лишением права занимать определенные должностью на срок до 6 лет;

принудительными работами на срок до 3 лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 6 лет;

лишением свободы на срок до 3 лет с лишением права занимать определенные должности или заниматься определенной деятельностью на срок до 6 лет.

# Всероссийская перепись населения




**Напоминаем, что с пятнадцатого октября по четырнадцатое ноября этого года в нашей стране проходит очередная Всероссийская перепись населения.**

Предусмотрено три способа участия в ней: можно самостоятельно заполнить анкету на портале Госуслуг, можно ответить на вопросы переписчика дома, а можно дойти до ближайшего переписного участка.

Какой бы способ вы не выбрали, знайте, что участие в переписи - это ваш вклад в большое и общее дело, в создание будущего!

Вся собираемая в ходе переписи информация конфиденциальна и надежно защищена. Ответы записываются исключительно с ваших слов, никаких документов предъявлять не требуется.

# Пожарная безопасность на избирательных участках

**В единый день голосования 19 сентября 2021 года пройдут выборы.**

В целях организации мероприятий по обеспечению пожарной безопасности на объектах проведения выборов сотрудники МЧС России проводят проверки и обследования помещений, предназначенных для работы избирательных комиссий и избирательных участков. Без внимания не останется ни один избирательный участок. Со всеми ответственными должностными лицами и работниками объектов проведены соответствующие инструктажи по пожарной безопасности, отработаны действия в случае возникновения пожара или иной чрезвычайной ситуации. Распространены памятки и инструкции о мерах пожарной безопасности.

При проведении проверок особое внимание уделяется: состоянию территории вокруг избирательного участка, исправности систем автоматической пожарной защиты, состоянию источников наружного и внутреннего противопожарного водоснабжения, наличию первичных средств пожаротушения, знаниям ответственных должностных лиц правил противопожарного режима и т.д.

Основные требования к помещениям на избирательных участках:

- должны быть оборудованы пожарной сигнализацией;
- на видном месте разместить инструкции о мерах пожарной безопасности и номера вызова пожарной охраны «112»;
- необходимо иметь не менее 2-х огнетушителей;
- обеспечить резервным источником электроснабжения.

На всех избирательных участках, во время выборов, будет осуществлено дежурство из числа сотрудников и работников пожарной охраны.

Действия в случае возникновения пожара:

В случае пожара или появления дыма немедленно сообщить в пожарную охрану по телефону "01" или «112», указав точный адрес пожара.

Произвести эвакуацию людей из помещений здания и бюллетеней. До прибытия пожарных подразделений приступить к тушению первичными средствами пожаротушения. Организовать встречу пожарных подразделений.

**Отделение надзорной деятельности и профилактической работы № 17 УНД и ПР Главного управления МЧС России по Республике Дагестан**



Литературияб гъумер

# ГIалихIажи МухIамадовасул кучIдул

**ГIалихIажи МухIамадов гьавуна нилъер районалъул ТIадиял росулъ. ЦIалун вахъана Дагъистаналъул педагогикияб университеталда. Гlемер соназ хIалтIана МВД хасал подразделениязул (ОМОН ва СОБР) офицерлъун. ГIалихIажица кучIдул хъвала школалдасаго, гьел рахъана «ЛъаратIа», «Миллат», «ХIакъикъат» газетазда ва «Гьудуллъи» журналалда. 2007 соналъ къватIиб бачIана гьесул кучIдузул тIехь. КIиабилеб тIехьги къватIичIого цIалдолезухъе щвела. ГIалихIажи МухIамадов ккола Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул членлъунги.**

## Авар мацI

Дица тIоцебесеб рагIи абуна,
Дица тIоцересел кучIдул ахIана,
МагIнаги макъанги кIкIалгIан гъваридаб
ЧIагояб, гIагараб авар мацIалда.
Бокьула гIагараб авар мацI дие,
Дулъ мугIрул иццазул бацIалъи буго.
Дулъ цо гугьар буго рекIей къабулаб,
Дулъ цо тIагIам буго дие рекъолеб.
Дулъ лъол кьурабазул къвари – сси буго,
Мун магIарулазул бечелъи буго,
Шавкъалда бицунеб авар мацIалъул,
Чили чваххун унел лъаразул буго.
Дунялалъул тIолго мацIаздаса дий
МагIарул цо рагIи хирияб буго.
Дий гIагараб буго авар мацIалъул,
Абизе захIматаб пуланаб цо хIарп.
Биччанте гIасрабаз гьаб тIалъиялда,
БацIадаб авар мацI цIунун хутIизе.
Биччанте кIкIалабахъ гъугъазе гьаракь,
АхIулел кучIдузул, авар мацIалда !

## Богьнода

МугIрул гIаздалъ рахчараб
Ризал рохьаз бацараб,
ГIажаибаб, гьайбатаб
ТIалъи буго Богьнода
Хъудулеб КIудагIоралъ
ГIасрабаз ахх бачунеб
Беричаб, баракатаб
ТIалъи буго Богьнода
РекIелъ аят бессарал
Исламалъул нух ккурал
Г!алимзаби рахъараб
ТIалъи буго Богьнода
ВатIаналъе ритIухъал
Чодул кьолонир гIурал
БахIарчиял васазул
ТIалъи буго Богьнода
Бакъудасан нур щварал
МоцIрол канлъи босарал
Гьайбатал мусудузул
ТIалъи буго Богьнода
Роххелги къварилъиги
ГIахьал гьабун бикьулел
Къадруял гIадамазул
ТIалъи буго Богьнода
Гьобол, гьудул хирияб
Тушбабазе кьвараарал
КьучIал магIарулазул
ТIалъи буго Богьнода.

## Щвана магIарухъе

Дун нахъойги щвана тIадмагIарухъе
ТIабигIат беричаб инсухълъиялде.
ТIокIкIарал иццазги хъахIал лъаразги,
Авар гIор гIуцIулел рорхалъабазде.
ЦIоралда мугъ цурал залимал мугIруз,
Хъахlал тlагъурал жеги рахъун гьечlоан.
Хъудулел рохьазда рорхатал гъутIби,
Их кватIиналъ жеги гIицIго ругоан.
ЦIорол гъаталъукьа рорчIун чIагolъун,
ХъахIлъаразул буго батIияб макъан.
Бакъул хинал чIорахъ гIашикъал маккал,
ТIохрагIалда руго гъур – гъур бачунел.
Бокьула магIарухъ их бачIунелъул,
ТIабигIат цIилъулеб гьайбатаб сурат.
Гвангъун щвараб бакъги къватIахъ гонгалги,
Къадал ракьандасан баккараб мичIчIги.

## Къварид валагьула

Къварид валагьула цIияб гIелалъухъ,
РекIелъ хIинкъи, бакIлъи буго хIенсолеб.
КIочене течIого хутIилародай,
Умумуз цIунараб гьал наслабазулъ.
КъватIиса бачIунелъ кверде босулеб,
Цlияб гIелалъ цIунун бажариладай.
Авар миллаталъул къадруги ссиги
МагIарул хаслъиги гIадат гIамалги.
МагIида рангIаги хутIилародай,
Ханжар, тIамур, тIагъур, буртина, чухъа.
Чода кьили лъезе, пурцил гIоркь ккезе,
Лъалареб гIелалъул кинабдай къисмат?
Гьазул бертабалъа инадай тIагIун,
Зурмаги, къалиги, хехаб кьурдиги,
ХутIиладай лъора, мугIрул каранда,
МагIарул росаби, гьенире нухал.
МагIарул мацIгин цIар кIочене тани,
КIудияб щвеларищ нилъее рогьо,
Щибдай къачIан бугеб къисматалъ метер,
Къолоцоабилеб къарнуялъ нилъей...

## Дун ахIуге

Дун ахIуге, ахIуге
Хинал улкабаздехун,
Хинлъи канлъи Кавказалъ
Кьезе кIолин лъиего
Дун ахIуге рикIкIаде,
БатIиял улкабазде,
Берциналин чIухIалин,
ЧIахIияль шагьаразде.
Дун ахIуге хасало,
Хьван гIазу баларелъув.
ГIасияб хъудиялда,
ГIансиял тIолорелъув.
Чабхил иццул лълъимал,
Лъарал чвахуларелъув,
Чундузул тIелал гьечIел,
ЧIорогоял мугIрузде.
Дун ахIуге хъахIилал,
Хъудулел ралъадахъе,
Каспиялъул гIадинал,
Карачелал кир ругел.
Дун ахIуге залазде,
Симфония рагIизе,
МагIарул тIармил гIадаб
Бакъан ракьалда гьечIо.
БатIиял миллатазул,
Руччаби дий рецции,
РикIкIадаса чIвараб бер,
МагIарулалъул тIокIаб.
АхIуге азарго чи,
Данделъараб берталъе,
МагIарухъ гьоцIиб гIадаб,
ГьечIин, кьоларин гьелъ кеп.
Воржинаро рикIкIаде,
КIвариччIо дий борхалъи,
ТIохил рагIалда кIусун,
Валагьила сверухъе.
Дие дунял сверараб
Сапар – гIумру кIваричIо,
Керчаб тIингъилъги сверун,
Кьижизе те рагьида.
Сардилъ зодир гвангъарал
Аза – азар цIвабзазулъ,
Цо гьайбатай ясалъул,
Халлъула берзул кунчIи.
Радал макьу хъамулеб,
ХIелкал къецц бан гIигIулеб.
МагIарул росулъго лъикI,
КIвариччIо дие Париж.

## КIочонге, магIарулав..

МагIарулав, дуда воре кIочонге,
МагIарулллъи нилъер гIумрудул авал.
Лъоба буго ияхI, магIарул намус,
МагIарул мацIгин махI ва нилъер хаслъи.
Лъора кьурабазда хурхун росаби,
ГIодоб расалъаби, рацарал рохьал.
ХъахIилал зобазда роржунел цIумал,
Мокъокъазул къвакъвай, гIунсбузул гьещтIей.
Лъора рагъабазда милъиршабаца,
СоcIарал бусабахъ тIанчIазул чIичIий,
ТIохда тIамур кIутIун гIолохъанчияс,
Йокьулей ясалъе ахIулеб сарин.
Сардилъ зодол цIваби, гвангъарал цIаял,
Бакъуде руссарал цIорол рагъаби.
Цlияб къо къалъанин гIигIулел хIелкал,
Рогьалищ щвараб бакъ, яги балеб цIад.
МагIарулав, дуда кIочонге мугIрул,
МагIарул росаби – гIумрудул авал.

## Дун ина

Дуни на цо къоялъ гьаб дунялги тун,
Дунги нужги гьелде ургъичIеб къоялъ,
Дун ина...нужеда рагIила хабар,
Хоб бухъулеб мехалъ ялъуни кватIун.
ЦIум речIчIараб мехалъ, макказда релълъун,
Рихххила, пархила гIагарал, лъалел.
ЛъикIав щив чи анилан абулел ккела,
Ани щив гьовилан, щурщулел ккела.
Дуни на гьаниса, азарго анищ,
Гьанибго хутIила тIубазе хъвачIеб.
Дир хабада зани бихьун цо – цоял,
Гьавгийищ хванилан хаган хутIила.
Дуни на...нахъехун хутIила лъалкIал,
ГIумруялъул нухда дица гьарурал.
Цоял дун чIухIулел гъваридал, лъалел,
Цогидал загIипал, харилъ рахчарал.
Дир рекIей гIагарал, гIазизал чагIи,
Гlемерисел доре, ана цо-цо ккун.
Гьезул дун урхъарал хIайранал гьурмахъ,
Гьимун валагьизе ахIула ракIалъ.
Мегеж чарлъизегIан кьурал къоязухъ,
РухI босулеб ракIалъ щукру гьабила.
Къуват – жан лъугIарал гьаримал лугбал,
Гъуждузда росила росдал бихьиназ.
Цо дида гурони лъаларел чанги,
Балъголъаби ина рачун къаникье.
Дир каранда хIалхьи батичIеб рекIел,
КIутIи къотIарабги къалъила цо къо.
Гьекъараргlан кьечалъ керен бухIулеб,
ЦIамхIалаб лъим гIадаб лъугьила гIумру.
ГIурдал чохьонире руссун гурони,
вак чучичIел лугбал тIупила къаникь.
Дир гьаримай лъади, дир лъикIал лъимал,
Дунялги къварилъун, магIилъ хутIила.
Къаданиб зонода бикIараб сурат,
ХутIила хIайранго балагьун нужохъ.
Гьаниса дун ингун, гьаниб хутIулеб,
ЦIар бацIцIадаб тезе бокьун буго дий.
Гьаниса дун ингун, гьаниб хутIулеб,
Хазина, боцIуда урхъун гьечIо дун.
Дуни на, нуж тела къо-мех лъикIилан,
Кьокъаб жо гьаб гIумру, гIасру баниги..

## Баркала

Баркала дир каранда,
РакI бухIараб пашманлъи.
Баркала дир рухIгин жан
Бохизабураб талихI.
Баркала цIехечIого
Дихъе бачIараб балагь,
Баркала дир черхалда,
Мухъал рахъарал ругънал.
Баркала дир гьалатIал,
Баркала дир битIккеял.
Баркала лъикIаб, квешаб,
Дун кантIизе гьавурал.
Нуж рачIингун, нуж лъайгун,
Дида лъана гIадамал.
Дида лъана гIагарал,
Нилъералгун чиярал.
Гьудуллъиялъул кьимат,
Гьодорал гьаял, реццал.
Хиянатлъигун хIусуд,
Х!алихьалъи, чамгIаллъи.
Гьимулел гьурмал, кIалал,
ЖахIдаялъ цIурал берал.
Бицунебгун гьабулеб,
Зоб – ракь гIадин батIиял.
ГIумруялъул дарсазул
Ахир лъалареб рахас.
Ахиралде щвезегIан
Лъазе захIматав инсан.

*Тарих*

# ШаргIияб пачалихъ «Имамат» гIуцIи



**АхIулгохIда ккарал гIассиял рагъазул ва лъугьа-бахъиназул гIахьалчилъун вукIарав гIалим Къарахъа МухIаммадтIагьирица жиндирго «Магъазиялда» хъвалеб буго: «АхIулгохIда букIараб гъазаваталъул гIатIидго хъвазе рес букIарабани, биццатаб, кIудияб тIехь лъугьинаан, цIалдолезул ракIал рухIизарулеб ва гIенеккаразул бадиса магIу чваххизабулеб», - ан. Муъминзабазе камиял ккараб, захIмалъи-къварилъи бихьарал къоязда, тушманасе жеги цIикIкIун камиял ккана.**



Хадуб Шамилил наиблъун вахъарав, гьеб заманалда гIурусазул хъулухъалда вукIарав Даргъоса Жаватханица бицана: «Гьизляр-хъалаялда вукIаго, дихъе щвараб цо документалда хъван бугоан, цохIо АхIулгохIда ккарал рагъазулъ гIурусазе лъебералда лъабазарго чи камуна», - ян. Гьелда щаклъизе бакIги гьечIо, щайгурелъул мухIканаб хIужа бугелъул цохIо къоялъ тушманасул щуазарго чи чIванин абураб.

Гьединго бицуна, тIубараб полк солдатазулгун гьужумалъ арав пачаясул полковник Пулло, тIадвуссун вачIанин гIицIго кIиго солдатгун. Имамасде рещтIарал Аллагьасул рахIматал Жинда Аллагь разилъаяв Къарахъияс хъвалеб буго: «АхIулгохIда ккарал балагьаздаса хвасарлъун хадуб, дунялалъул рокъоб имамасул даража ва къадру цIикIкIунеб букIана. Гьесде тIаде чвахулел баракаталгун рахIматал гьоркьоса къотIичIо жакъа къоялде щвезегIанги. Кинабго гьебин абуни лъугьунеб букIана Шамилидехунги гIадамаздехунги бугеб Аллагьасул цIобалдалъун. Гьединлъидал, хъул буго ТIадегIанав Аллагьас, Шамилил сиясатги (политика) гьесул гъазаватазул пайдабигун хIасилал имам Магьди загьирлъун, гьевгун цолъизегIан гьаб дунялалъул гIумру халалъун ккезабилилан.

Аллагьасул калам – КъуръаналдаГи бугелъул гьаб магIнаялъул аят: «ГIадамазе пайда бугеб жойилан абуни, гьеб халатаб заманаялъ ракьалда хутIула», - ян.

Кинха нилъер хьулги букIинареб, Шамилил гъазаватазул баракат тIибитIаралъул Макка-Мадинаялдеги Балхагун Бухараялде щвезегIанги. Гьенир ругел шайихзабаз дугIаби гьабула имамасе бергьенлъи ва гьесул иш цебетIей гьарун.

ЧIаралдаса ХIажи ДегIенгIалица бицана, Сибиралдасаги лъутун жив Бухараялде щванилан. Гьесда гьениб бихьула Бухараялъул султIан щибаб къойил бакъанигIужалъ МухIаммад Накъщубандиясул зияраталде хьвадулев ва шайих Шамилие дугIа гьабулев. Гьесул дугIаялъеги киналниги гIадамаз, хIатта базаралда ругезгицин «амин» бачунеб. Гьебго жо бицана ДегIенгIалидаса хадуб Сибиралдаса лъутун Бухараялде щварав Къарахаеица. Жеги гьес тIаде жубана, жинца гьикъанин гьедин султIанас дугIа гьабиялъе гIилла-хIикмат щибилан. Гьесие жаваб кьола, Бухараялъул бетIерасухъе кIиго чапар вачIанин бетIерчIахъаяв шайих Шамилил рахъалдасан. СултIанас гьезда гьикъула: «Нужер мурад щиб бугеб, гIарцул кумекищ хIажат бугеб, гIадамалищ яги рагъул сурсаталищ»,- ан. Чапарзабаз жаваб кьола: «Шайих Шамилица гьарулеб жо гIицIго дугIа гьаби буго МухIаммад Накъщубандиясул зияраталда цебе», - ян. Гьелъие гIоло Бухараялъул бетIерас гьеб къагIидаялда дугIаги гьабулеб букIун буго.

Хал гьабеха, имамасул мурадалъул. ГIадамазулниги яргъил сурсатазулниги кумек гьаризе рес букIаниги, гьес тIаса бищана муъминзабазул дугIа. ХIадисалдаги бугелъул: «ДугIа – муъминчиясул ярагъ буго», - ян. Гьелде тIадеги, гьес тIалаб гьабуна Накъшубандиясул зияраталда дугIа гьаби, щайгурелъул Аллагьасул вализаби гьоркьоб ккун гьабураб дугIа Аллагьас къабул гьабизе цIикIкIун рес бугеблъун букIунеблъидал.

Имам Шамил тасавуфалъул агьлу вукIараблъи баян гьабулел рикIкIен гIемерал хIужабаздасанги ккола гьаб рехсараб хIикаят.

Гьанже нилъ тIадруссинин имамги гьесул гьалмагъзаби Чачаналъе щвеялъул биценалде.

Алмахъазул ракьги тун, Чачаназул Зандакъ росдал ракьалдасан унел рукIана муридзаби. Гьездаса лъикIаланго церегIан унел рукIарал Шамилги Юнусги тIаде ккола харилъ вегун вугев цо херав зандакъалъуласде. Гьел аскIор гIодор чIедал херав макьидаса ворчIула. Имамас гьудуласда абула гьасие къезе гIадаб жого гьечIищилан. Юнусица белъараб гIиял гьанал кесек бегьула херасухъе. МагIарухъа рачIарал чагIи рукIин лъайдал, тIоцебесеб иргаялда, зандакъалъулас Шамилил хIакъалъулъ цIех-рех гьабула. Шамилица квераз ишан гьабун бичIчIизабула гьесда, дов чIван вугилан. Херав кутакалда гIодула ва лъадуласа арав гIадин гIодов ккола. Шамилги Юнусги ун дагьаб заманалдасан гьесде тIаде гIунтIула хутIараб гьалмагълъи. Гьездаги цIехола зандакъалъулас Шамилил хIакъалъулъ. Гьез гьесда бичIчIизабула, дуда аскIор рукIарал кIигоязул цояв имам вукIанилан. Гьеб рагIарабго херав зандакъалъулав векерана дов кIиясдаго хадув. Гьеб гIужалъ хIухьбахъизе гIодор чIарал гьезде тIаде гIунтIула бетIералда тIагъурги гьечIого, гьека-пунщиялда векурун вачIарав херав. Гьев Шамилил накабазда цевеги кIусун гIодула. Имам кутакалда ракI кваридлъун лъугьуна ва ракI бухIула гьедин жив вокьун, жив чIван вугин абураб хабаралъ гьеб къо чIарав зандакъалъуласда. Къасиялде муридзаби щола Таттахи (Даттых) абулеб росулъе. Таттахалъулаз кIудияб адаб-хIурматалда лъабо къоялъ гьоболлъи гьабула гьезие. ХIатта гьезул цояс, Шамил хъубал тушбабазухъа ворчIун хвасарлъани хъвезе назру гьабун букIараб оц хъола ва муридзабиги кинабго росдал агьлуги кваназарула. Гьениса рахъун Беноялде (магIарулаз гьеб росдаде Баян абула) рачIуна имамасул гьалмагълъи. Беноялъулазги кIудияб къадруялда къабул гьарун гьоболлъи гьабула гьезие. Гьенив имамасе 1839 соналъул къоабилеб ражабалъ гьавула вас МухIаммадшапигI. Гьавун анкьабилеб къоялъ Шамилица васасдасан гIакъикъ хъола. Гьенисаги рахъун щагIбаналъул моцI цIилъараб къоялъ имам рещтIуна Ведено росулъе. Гьенир хьизан-лъималги тун, гьалмагълъигун Шамил вахъуна гIумру гьабун чIезе санагIатаб бакI балагьизе. Сверухълъиялда халшал гьабун хадуб муридзабазул ракI рекъола Шатой (Шубут) округалда бугеб ГIушкорти (Гуш-Керт) росдада. Веденоса къватIиве вахъараб хIалалдаго жинде дандчIвай гьабизе вачIун вукIарав ШагIбан абулев лъикIав гьоболасул бакIалде чIей гьабула имамас. Хадуб щагIбаналъул анцIабилеб къоялъ гьев ЩагIбаница хадувги ун рачун рачIуна Шамилил агьлу-хъизанги. Гьесда цадахъ ГIушкортиб чIчIей гьабуна микьго чияс: имамасул гьудул Юнусица; имамасул хъулухъчи СалихIица; гьацIал - лъукъарав Худанатил МухIаммадица, Баладица ва Гьиматица; гьарадерихъел – лъукъарав НургIали ва МуртазгIали; лъукъарав Балахъуниса Муса. Гьенир Шамилихъе рачIана цIар бугел чачаназул бахIарзал ЦIамутариса ШугIайбги, Даргъоса Жаватханги.

Шамилица хIехьараб къоги, гьесие ккараб камиги бихьун, Жаватханица гьесда абуна: «Цересел гьалмагъзабаздаса ватIалъунилан мун пашманлъуге. ЦIидасан духъе мустахIикъал гIадамазул лъабазарго чи вакIаризе вуго. Дуца бокьараб амру гьабе, дун гьеб тIубазе хIадурав вуго», - ян.

Гьеб соналъул ахиралда ЦIамутариб букIараб чачаназул къвамазул мажлисалда чачаназ Шамил жидерго имамлъун вищана. Гьелдаса нахъе чачанал, къокъаби гьарун, имамасухъе рачIине байбихьана. Цояз абулеб букIана жал дуца абураб бакIалде гочине хIадурал ругилан, цогидаз имам жидехъего ахIулев вукIана. ГIурусазул зулму рихарал Гьоркьияб Чачаналдаса гIемерал гIадамал рачIана имамасухъе. Шамилица хIукму гьабуна чачаназул лъарагIлъиялде шаригIат лъезе ине. Ахъбердил МухIаммад ва цогидал цересел гIадамалги рачун, шоботдерил гIадамазул къокъаги гьабун, имам гьенив ана. Шоботалъулаз имам, аскIове чи къазе гьукъун, цIунулев вукIана. ЛъарагIлъиялда ругел чачаназ имамасе лъикIаб гьоболлъи гьабуна, шаригIатги къабул гьабуна. Цо-цояз Шамилихъе рачIунаан жидеего гIурусаз къурал чиналги росун, имамасда цере гьелги тIутIун ран, гьедулаан жал гьесие мутIигIал ругилан. Шали ва Герменчик росабазул гIадамазда имамас лъазабуна капурзаби рачIине захIматаб бакIалде – рохьазде гочине кколалан. Гьел жамагIатал гочиндал, имамас гьезде амру гьабуна жидерго росаби рухIеян. Имамасул амруги тIубазабун, чачаназ жидерго росаби рухIана.

Шамил имамас чачанлъи ункъиде бикьана. Гехиялъул наиблъун Ахъбердил МухIаммад, Мешкиялда – ШугIайб, Шали - Герменчикалда – Жаватхан, ГIавухъалда – ТашавхIажи тана. ХарачIой росдал гIадамал мутIигIлъиларин лъугьиндал, гьениб питна-къал ккана ва харачIоязул чанго чиги чIвана. Гьенир Шамилихъе магIарухъа гIадамал рачIана. Имамас гьезда бадибчIвай гьабуна: «Дица ахIараб мехалъ нуж рачIинчIо. Гьанже нуж дие хIажат гьечIо, рокьоре тIадрусса. Чадил кесек гьарулев гьардухъан нахъе гьуразда релъун руго нуж. Гьардухъан лъикIаб кваница гIорцIидал, рохьдолъ тIерхьараб чадил кесек босун, рачIун руго», - ян.

Гьелдаса хадуб, гьел ракьазда цIи тарал наибзаби, ШугIайбидаги Жаватханидаги имамас амру гьабуна, магIарухъа рачIарал гIадамал кодоб бугеб жоги бахъун нахъе ритIеян, муридасул цIаралде дагIба баравги гIалимчи вугилан абулелги ратани, чIванги рехеян. Гьел наибзабаз, пихьихъ хисун тIощел босизе рачIарал гIандисезухъа, бакълълазухъа ва кIаралазухъа чуял рахъула. Наибзабазе кумекалъе гьеб ишалде гьорлъе лъугьуна ГIуркIачIиса шагьид Муртазаласул МухIаммадил гIолохъанав вас Муртазаги цогидал муридзабиги.

Шамилица гьединаб амру гьабиялъе букIана кIиго гIилла. ТIоцебесеб, АхIулгохIда кварилъи-захIмалъиялда ругел гьазизабазе кумекалъе цогидал гIадамал рачIинчIолъи ва гIалимзабаз жидер вагIза-ахIиялдалъун гIаммаб халкъ гъазаваталде бахъинабичIолъи.

КIиабилеб, доб заманалда гIемерисел дагъистаниял, хасго хьиндаллъиялда яшав гьабун ругел гIадамал пихъгун рачIунаан тIорщел гьарзаяб Чачанлъиялде хиса-баси гьабизе. Гьеб гьабизе рачIарал дагъистаниял кодоб бугеб жоги бахъун нахъе ритIулеб амру имамас гьабуна, гьел мутIигIлъизариялъе гIоло. Гьелъул кIудияб хIасилги ккана, цере рехсарал магIарул округазул гIадамал гIезегIанго кIвекIун тамахлъизаруна ва ахиралда гьел имамасул амрабазе мутIигIлъана.

*Литературияб гьумер*

**Бищунго ЦIоралде гIагараб ва гIемерал чабхъадулазул ватIан нилъер жамагIат букIинги хIисабалде босун, нижер редакцияда лъикIаблъун бихьана « Церехъабазул кучIдул» абураб, аваразул миллиябгун культуріяб автономиялъ къватIибе биччараб тIехьалдаса росун рищунго лъикIал гIадал асарал газеталда рахъизе, щайгурелъул киназухъего щоларо гьеб къанагIатаб тIехь. Чабхъен цоги магIарулазего гIадин, нилъер районалъеги буго нилъер тарих. Гьал асаразулъ буго тарихги, халкъияб кIалзул гьунарги данде гьабун. Кьолеб буго нужер диваналде.**

# Церехъабазул кучIдул



ТIехьалда лъун руго магIарул поэзиялда жаниб жидеца хасаб бакI кколел, «церехъабазул кучIдул» абураб цIаралда гъоркь халкъалда гьоркьор машгьурлъарал шигIриял асарал. Гьезда гьединго абула «чабхъеназул кучIдулиланги». Церехъабазул кучIдулин гьезда абиялъе гIилла буго гьезул гIемерисел сайигъат гьарурал рукIин халкъалда жанир жидер цIаралги ишалги машгьурлъарал пуланал бодул бутIрузе. Гьединаллъун ккола Балахьуниса Мусал ГIадалав, ГIашилтIаса Гъази, ГIортIаколоса АхIмадилав, КIатIихъа ШагIбан, ТIиндиса Денга, Унсоколоса Гелега, ГIусманил НурмухIамад ва ЧIегIерав ХIожо (ХIажимухIамад), ХарачIиса Рекъав Ражбадин ва МухIамад, Хунзахъа Нуцал-хан, ГIумма-хан ва ХIажимурад, ХъахIабросулъа ХIусейн, ЦIатIанихъа Хъайитмаз ва гь.ц. Церехъабазул кучIдузул аслияб темалъун ккола XVI гIасруялдаса байбихьун XIX гIасруялъул кIиабилеб бащалъиялде щвезегIан магIарулаз батIи-батIиял ракьазде, хасго ЦIоралде, гьарулел рукIарал рагъулал сапаралги чабхъеналги. Гьел кучIдул сокIкIараб заманги гьезул автораралги тарихалъ цIуничIо. Гьединлъидал гьел лъугьун руго халкъияллъун. МугIалимзабазе, цIалдохъабазе ва магIарул адабияталъул къимат гьабулезе. МагIарулазул кьалул поэзиялда хасаб бакI ккола «церехъебазул кучIдуца». Цо-цо мехалъ гьезда «чабхъад аразул кучIдулиланги» абула. Халкъалда гьоркьор «церехъабазул» абураб цIаралъ цолъизарула, гIадатаб куцалъ, къокъагун чабхъад вахъарав пуланав багьадурасул бицунел кучIдул. Гьениса бачIараб буго гьезул цIарги – «церехъабазул кучIдул».

Чабхъен гIуцIарав къокъадул бетIерасул цIаралдалъун батIа гьабула цояб кечI цоялдаса: «Рекъав Ражбадинил кечI», «ГIашилтIаса Гъазил кечI», «ГIумма-ханиде гьабураб», «Мусал ГIадаласул кечI», «ХIажимурадил кечI» ва гь.ц.

«Церехъебазул кучIдул» абураб цIаралда гъоркь ругел шигIриял асарал рухьарал руго батIи-батIияб заманалда, гьенир загьир гьарула хасияталъул ва сокIкIараб заманалъул рахъалъ цоцаздаса рикIкIадал тарихиял лъугьа-бахъинал. Гьедин, церехъабазул кучIдузде гьорлъе, балагьараб мехалъ, унел руго ЦIоралде гьарурал чабхъеназулги, гьанжесеб Азербайжаналъул ракьалда рукIарал ханлъабазул («ГIашилтIаса Гъазил кечI») аскаралгун дагъистаниязул тунка-гIусиялъулги хIакъалъулъ кучIдул ва нахъа заманалъул Кавказалъул рагъазул лъугьа-бахъиназул хIакъалъулъ (масала, «ХIажи-Мурадил кечI») бицарал асарал. Гьединлъидал «церехъабазул кучIдул кколаро цохIо Гуржиялъе гьарурал чабхъеназул бицарал кучIдуллъун. Амма гьебго заманалда «церехъабазул кучIдузул» циклалда аслияб бакI ккола «ЦIоралъул кучIдуца». Гьезул гIемерисел дунялалде рачIин бухьараб буго Дагъистаналъулги Гуржистаналъул гьокьорлъабазул тарихалда. ЦIакъ цебесеб заманалде уна магIарулазулги гуржиязулги экономикиял, политикиял, маданиял гьоркьорлъаби. Цоцазулгун гъункарал, мадугьаллъиялъулал бухьеналги чIезарулаго, цо нухалъ гуреб гьез цолъизабулеб букIараб жидерго къуват къватIисев тушманасде данде.

Тарихалъ нилъее таманал мисалал тун руго гуржиязги магIарулазги гьарурал гьединал цадахъал церерахъиназул. Масала, XII гIасруялъул байбихьуда Ширваналда магIарулалги гуржиялги цадахъ къеркьолел рукIана селжуказул къавмазде данде.

Дагъистаналдаги Гуржистаналдаги гьоркьор киданиги къотIичIо дармилгун экономикиял бухьенал. МагIарухъа Гуржиялъе бичизе унаан квасул ххамал, гIандадерил буртаби, маххул къайи, ярагъ, гьоко-чодул алат ва гь.ц. Гуржиялъа босун бачIунаан ххамил батIи-батIияб тайпа, цIам, ханжо, мазгар, чагъир, гIаракъи ва ц.

Политикиялгун экономикиял бухьеназ квербакъулеб букIана кIиябго халкъ культурияб рахъалъги гIагарлъизе.

X–XI гIасрабаздаса байбихьун гуржи ракьалдаса Дагъистаналда лъугьана тIибитIизабизе христиан дин, гуржи хъвай-хъвагIай. Гьелдаго цадахъ кIиябго халкъалъул гIамал-хасияталъулъги, рукIарахъиналъулъги, сангIаталъулъги руго гIемерал релълъарал рахъалги. Амма хадусел гIасрабазда Дагъистаналда ислам дин тIибитIиялъ ва гьеб щулалъиялъ асар гьабуна кIиябго халкъалда гьоркьор рукIарал рухьеназе.

Бусурманаб магIарул жамагIаталда жанир рукIана цо-цо гIадамалги, къокъабиги, къавмалги ЦIоралде гьарулел чабхъенал гъазаватлъун рикIкIунел, гьел ислам диналъ мунагьлъун къабул гьаруларин абулеб пикруялда хадур рилълъарал. ГIалимзабазул пикруялда рекъон, магIарулаз ЦIоралде чабхъенал гьаризе байбихьараб заманлъун ккола гIагашагарго XVI гIасру. Гьел чабхъеназул аслияб мурад букIана ракьал рахъи, давла, боцIи бикъи, асирал рачин, мукIур гьабураб агьлуялда тIад магъало лъей. ГIадатаб халкъалда жаниб чабхъеназдехун букIана батIи-батIияб бербалагьи.

МагIарулазул цо къадаралъ гьел къабул гьарулароан, щайгурелъул чабхъен букIана цIакъ хIинкъараб, бусурман халкъалде данде ккolareб тадбир: гьеб тIобитIулаго, чIвалаан, лъукъулаан, хIатIа асирлъудецин кколаан цо-цо гIолохъаби. Гьеб букIана эбелинсуе, чIужу-хъизамалъе, гIагарлъитухумалъе кIудияб балагьлъун. Гьале, мисалалъе, чабхъаде арав вокьулев гьенив чIванин абураб чегIераб хабар рагIарай ясалъ рикIкIарал рагIаби:

**– ХIерав инсухъ гуро**
**рокьи букIараб,**
**Рокьи бугеб хергъу хапун рагIула.**
**Хан вацазухъ гуро балай букIараб,**
**Балай бугеб лачен чучун рагIула.**
**Вай, дунги цIумани,**
**цIобалъул Аллагь,**
**ЦIоробе гIебеде гьава гьабизе.**
**ЦIудулги тIинчIани,**
**мун ТIадегIанав,**
**Закаталанибе руссен гьабизе.**
**ГIазу тирун байги доб Туплисалде,**
**Дур магьидул рукьби**
**рукьуд кьвегIило.**
**ЦIад гIисинаб байги**
**нахъ Ширваналде,**
**ЦIадал лъадал цIела**
**рахъарал берал.**
**Гьури пуйге, Аллагь,**
**нахъ Ширваналде,**
**Гьороца чучила**
**чиллайдул михъал.**

> **МагIарулазул чабхъенал рукIана цогидал халкъазеги, хасго гуржиязе, кIудияб балагьлъун: рикъулел, чIвалел гIадамал, рухIулел росаби, пасат гьабулеб боцIи-панз, магIишат ва гь.ц. Гьелъ бижизабулеб букIана кIиябго мадугьалаб халкъалда гьоркьоб тушманлъи, рокьукълъи, загIип гьарулел рукIана гуржиязги магIарулазги гIасрабаз гIуцIун рукIарал дармилал, экономикиял, маданиял, инсанасулал бухьенал.**

Чияр ракьазде гьарулел чабхъенал хIинкъараб, магIна гьечIеб тадбир букIиналъ батизе ккола магIарул халкъалда гьоркьор рижарал гьадинал абиялги кицабиги: «Давла хуриса кьеги. Хвел бусадаса кьеги», «Бол хабар бицараб бод вухIаги», «Чабхъадул боцIи чабхъаца уна», «ЦIурахинкIазулги лъикIаб букIунаро бо», «Я гIарцул чванта цIела, я салул гвангвара цIела» ва гь.ц.

МагIарулазул чабхъенал рукIана цогидал халкъазеги, хасго гуржиязе, кIудияб балагьлъун: рикъулел, чIвалел гIадамал, рухIулел росаби, пасат гьабулеб боцIи-панз, магIишат ва гь.ц. Гьелъ бижизабулеб букIана кIиябго мадугьалаб халкъалда гьоркьоб тушманлъи, рокьукълъи, загIип гьарулел рукIана гуржиязги магIарулазги гIасрабаз гIуцIун рукIарал дармилал, экономикиял, маданиял, инсанасулал бухьенал.

КIиябго халкъалъе чабхъеназул бугеб инжитлъиги квешлъиги бичIчIулел гIадамаз хIаракат бахъулеб букIун буго гьеб сурукъаб иш магIарулазул жамгIияб гIумруялда жаниса тIагIинабизе. Цо-цо мехалъ жидедаго тIаде маслигIаталъул вазипа босулаан МагIарухъ рагIи билълъарал, къадру-ас бугел гIадамаз. Баянаб буго гьадинаб хIужа.

Машгьурав гIалимчи, диниявгун жамгIияв цевехъан ГIаймакиса АбубакархIажиясул цIарги, гIелмуги, гьунарги машгьураб букIана Дагъистаналъул гIурхъаби рахунги. Цо нухалъ иргадулаб хIажалдаса Гуржиялъул ракьалдасан ватIаналде тIадвуссунев Абубакар-хIажияв, ГьерекIли-ханас жиндихъе гьоболлъухъе ахIун, чанго къоялъ гьесие кIудияб хIурмат-хатир гьабула. Гьединаб хинаб, инсанасулаб дандчIваялдаса нечарав ва тамашалъи гьабурав магIарулас гьикъула гьалъул магIна щибилан. Гьелда данде ГьерекIли-ханас гьесда абун буго магIарулаз ЦIоралде гьарулел чабхъеназул кIудияб заралги балагьги бугин гуржиязе ва гьикъун буго Абубакар-хIажиясда, гьесул диналъ къабул гьабулищан гьединаб иш. Гьабуларин абун буго магIарул гIалимчияс, гьеб цIакъ какараб жо бугин исламалда жаниб. Гьебмехалъ ГьерекIлица гьарун буго АбубакархIажиясда магIарулазда гьоркьоб вагIза-насихIат гьабейин чабхъенал тезе, гьездаса инкар гьабизе. Гуржиязул ханасул гьариги къабул гьабун, рокъов тIадвуссарав Абубакар-хIажияс чабхъеназде дандечIун, гьел какун, гьезул бугеб мунагьалъул, заралалъул бицун, хвезегIан вагIзаби, насихIатал гьарулел рукIун руго МагIарухъ.

Чанго гIасруялъ чияр ракьазде тIоритIулел рукIарал чабхъеназ рес букIинчIо магIарул кIалзулаб адабияталъе асар абичIого тезе. Гьедин, халкъалда гьоркьор рижана гьезул бицарал харбалги, гьел реццун ахIарал кучIдулги, сокIкIарал абиялгун кицабиги. Чабхъеназул темаялъе сайгъат гьарурал прозаялъул асарал гIемер гьечIо нахъе хутIун, щай гурелъул гьел лъицаниги ракIаруларoан, хъвалароан, ва, кочIоде данде ккун, прозаялъул асар рекIелъ щулаго чIолароан. Амма, гьелъухъ балагьичIого, гьезул цо-цоял жеги тIиритIун руго магIарулазда гьоркьор. Масала, захIмат вуго жакъа ватизе «ХIожол ХIожоги гуржиявги» абураб халкъияб хабар лъаларев чи.

Гьединго халкъалда жанир жеги машгьурал руго Мусал ГIадаласул хIакъалъулъ биценалги.

Гьале гьезул цояб: «Мусал ГIадалав абун цIакъ цIар бугев цо цевехъан вукIанила. Цо нухалъ ЦIоралде инев вукIанила гъов. БежтIа-тIомродасазде хадув гъунила. Гъоз нахъе хъамунила, нижеда цадахъ вилълъунгейилан.

*Ахир 6 -аб. гьумералда.*

# Церехъабазул кучІдул

*Байбихьи 5-аб. гьум .*

Дир зарар щибан гъос гІемер гьарун, гьесул гІемер гьардеялде балагьун, гьез гьев цадахъ вачанила. Щванила Алазан рагІалде, лъачІила гъозда рахине. Дида хадур рилълъайиланги абун, Мусал ГІадалав вахун анила. Гьел гьалмагъзаби, хъарахъгъветІалъул чІегІерлъи бихьаниги, хІинкъулаанила. Асдайилан абуни щибго хІинкъиго лъалароанила. Цинги, цо сахав таватиязул чиги ккун, вачІанила гьев. Ас гъозде абунила, майин, майин, гьаб сайигьат дир, гьабги босун, нуж айин. Гъосул гьунаралде балагьун, мун щивилан гьикъанила гъоз. Гъос абунила Балахьуниса Мусал ГІадалав вугилан. Гьебмехалъ, Мусал ГІадалав абигун, хІинкъарихххун лъугьанила гъол».

Бер речІчІизабураб мехалъ, ракІалде ккола гІемерал ругилан церехъабазул хІакъалъулъ кучІдул. Гьезул цІаразухъ балагьун гьеб, унгоунгоги, гьедин буго. Гьале гьезул цоцоял, чабхъенал гІуцІарал машгьурал церехъабазе рецц гьабун, сокІкІарал: «Рекъав Ражбадинил кечІ», «КІутІил МухІамал кечІ», «Мусал ГІадаласул кечІ», «ТІиндиса Денгал кечІ», «Гусманил НурмухІамадил кечІ», «ГІалибулатил кечІ» ва гь. ц. Амма, кІвар кьун киналго текстал цІалараб мехалъ, бихьулеб буго хІасилалъул рахъалъ гьел цоцазде цІакъго гІагарал рукІин, цоцоялин абуни цого кочІол версиябилъун ратула. Масала, гьединаллъун ккола Рекъав Ражбадинил хІакъалъулъ ругел кучІдул. Гьезул лъала чанго вариант.

Церехъабазул кучІдузулъ аслияв багьадурлъун вукІуна халкъалда гьоркьоб жиндир цІар арав, къадрукъимат бугев цевехъан – чабхъадул гІуцІарухъан. Гьесин хитІаб гьабулеб магІарул жамагІаталдехун, гІолохъабаздехун гьел иргадулеб чабхъаде рахъинаризе:

**Рахъа, гІолохъаби, доре Гьолоде**
**ХьахІилаб Алазан багІар гьабизе!**
**КъачІай, гьудулзаби,**
**нахъа ЦІоралде.**
**Капураб Гуржистан**
**бида белъине...**

Гьенибго чІванкъотІун загьир гьабула чабхъадул мурадги:

**Цо магІарулазул гьитІинб къокъа**
**Къокъана ЦІоралде,**
**Гуржистаналде.**
**Гуржиязул боцІул давла гьабизе,**
**Тавати мусудул асир гьаризе.**



Нилъер халкъалда жанир кидаго машгьурал рукІана церехъабазул кучІдул. Щайгурелъул гьезул аслияб пикрулъун ккола рагъулъ бихьизабураб бахІарчилъиялъи кІодо гьаби, магІарулазул бихьинчилъиялъе, рагъулаб гьудуллъиялъе ва гьунаралъе рецц ахІи. Хасго гьеб рахъалъин гьел кучІдул гьанжеги машгьурал ругел магІарулазда гьоркьор.

**АхІмад МУРТАЗАГІАЛИЕВ,**
**филологиял**
**гІелмабазул доктор**

*Дин ва гІумру*

# Гьереси – нифакъалъул гІаламат

## *МуъминчиясуІ букІине рес гьечІеб гІамал*

**Бусурбанчиясулъ бищунго берцинал тІабигІатаздасан ккола, гьабулеб гІамалалъулъги, бицунеб рагІиялъулъги ритІухълъи цІуни. АсхІабзабазулги табигІиназулги заманалда, ритІухълъи рикІкІунаан ТІадегІанав Аллагьасукьа хІинкъиялъул гІаламатлъун ва гьереси бицин, хиянат гьаби рикІкІунаан талихІ къиналъулги мунапикълъиялъулги гІаламатлъун.**



ТІадегІанав Аллагьас Къуръаналда абулеб буго (магІна): **«Щал ругониги жидеца ритІухълъи цІунун, гьел руго хІакъикъаталдаги БетІергьанасдаса хІинкъулел гІадамал ва гьезие Аллагьас хІадурун руго бокьарал нигІматал»**, – абун.

Цогидаб аяталда буго (магІна): **«Ле, иман лъурал гІадамал! Нуж Аллагьасукьа хІинкъа ва ритІухъал гІадамалгун цадахъ рукІа»**, – ян.

### ГІакъилав чиясул мацІ ракІалда нахъа букІуна.

Свалат-салам лъеяв аварагасул хІадисалда буго: **«Муъминчияс гІузруги гьечІого гьереси бицани, гьесул кІалдиса бачІараб квешаб махІалъ малаикзаби рикІкІад гьарула лъагІалил нухлул манзилалъ ва ТІадегІанав Аллагьас гьесие хъвала ункъого мунагь»**, – абун.

Цогидаб хІадисалда буго: **«Муъминчияс, гІузруги гьечІого, гьереси бицараб мехалда, гьесул кІалдиса бачІуна хъубаб махІ, жиндир асар ГІаршалде щолеб. Цинги, гьесие нагІана кьола ункъоазарго малаикас ва Аллагьас гьесие хъвала ункъого мунагь, гьезул бищун гьитІинаб УхІуд мегІералда бащдалъулеб».**

МасгІудил вас ГІабдуллагьица бицараб хІадисалда абулеб буго: **«Нужеца ритІухълъи цІуне! РитІухълъиялъ нуж лъикІлъиялде рачуна, лъикІлъиялъ нуж алжаналде рачуна. Инсан битІараб бицуневлъун тІаса унаро, ТІадегІанав Аллагьасда аскІоб ритІухъав абун хъвазегІан. Нуж гьересиялдаса цІуне, гьересиялъ нуж мунагьалде рачуна, мунагьалъ жужахІалде рачуна. Лагъ гьереси бицуневлъун тІаса унаро, БетІергьанасда аскІоб гьерсихъан абун хъвазегІан».**

Свалат-салам лъеяв аварагас абуна: **«Мунапикъасул гІаламат лъабго буго. Гьес хабар бицунеб мехалъ гьереси бицуна, гьесулгун къотІи гьабидал гьес къотІи биххизабула, гьесда аманат гьабун тедал, гьес хиянат-рекІкІ гьабула»**, – ян.

Жинда Аллагь разилъаяв ЛукъманулХІакимида гьикъана: «Цере рукІарал лъикІал гІадамаздасан дуе щиб щвараб?» – абун. Гьес жаваб гьабуна: **«Гьересиялдаса мацІ цІунун битІараб бицинги, дида божун тараб аманат тІубайги, дидего кколареб жоялде гъорлъе лъугьунгутІиги»**, – ян.

Хирияв аварагасда ﷺ Сафван бин Муслим абурав асхІабас гьикъана: «Я, Аллагьасул расул! Муъминчи гІадамазукьа хІинкъулевлъун вукІунищ», – абун. Аварагас ﷺ жаваб гьабуна: «ВукІуна», – ян. Хадубги гьикъана: «Муъминчи бахилавлъун вукІунищ»? – абун. Аварагас абуна: «ВукІуна», – ян. Бичасул аварагасда лъабабизеги гьикъана: «Муъминчи гьереси бицуневлъун вукІунищ»? – абун. Хирияв аварагас ﷺ абуна: **«Муъминчи гьереси бицуневлъун вукІунаро»**, – ян.

ХІузайфатул Яманияс абуна: **«Свалат-салам лъеяв аварагасул заманалда цо гьереси бицарав чи мунапикълъун рикІкІунаан, жакъасеб къоялъ дида нужедаса гьереси бицин къойида жаниб анцІго нухалъ рагІулеб буго»**, – ян.

Гьединлъидал, щивав бусурбанчияс жигар бахъизе ккола нифакъалъул гІаламатаздаса рикІкІалъизе. Щив чи вугониги нужерго гІавраталги хІарамалдаса цІуне, хІарамалде балагьиялдаса бералги цІуне, хІарамалде бегьиялдаса квералги цІуне», – ян.

КІудияв факъигь Абу Лайсица хъвалеб буго: «Свалат-салам лъеяв аварагас цебе рехсараб анлъабго жоялда жаниб киналниги дунялалъулги ахираталъулги лъикІлъаби данде гьаруна ва Аллагьагун гІадамазда гьоркьор ругел хІукъукъалги цІунана», – ян.

Свалат-салам лъеяв аварагас абуна: **«Щуго пиша буго, жал мунапикъасулъ рукІунарел: жинда гІамал гьабулеб гІелму, мацІалда ритІухълъи, гьурмада гьими, рекІеда нур ва бусурбабаздехун рокьи»**, – ян.

Аллагь разилъаяв ХІасанул Басрияс бицана: «ГІакъилав чиясул мацІ ракІалда нахъа букІуна, гьесие цо рагІи абизе бокьараб мехалъ гьев ракІалда вуссуна ва пикру гьабула, гьеб рагІиялъулъ дунялалда яги ахираталда пайда щолеб батани абула, жиндиего заралалъе буссунеб батани вуцІцІун чІола. Жагьилав чиясул ракІ мацІалъул рагІалда букІуна, гьесие рагІи абизе бокьараб мехалъ ракІалде вуссун гьес пикру гьабуларо, мацІалде бачІараб рагІи гьереси букІа, битІараб букІа, жиндие пайдаялъе букІа яги заралалъе букІа къватІибе кьвагьула», – ян.

### ШаргІалда бегьизабураб гьереси

Гьереси бицин аслуялда хІарамаб бугониги, шаргІалъ цо-цо

> **ХІусенил вас Суфяница бицараб хІадисалда буго: «Гьереси бицине хІарамаб буго лъабго бакІалда хутІун: кІиго чиясда гьоркьоб рекъел гьабиялъе, капурзабазде данде бугеб рагъулъ ва рос-лъади данде гьариялъул ниятада», – ян..**

гьересиялда ругьунлъун, гьев Аллагьасда аскІов мунапикълъун хъвала ва гьесие гьереси бициналъул мунагьги букІуна.

Жинда Аллагь разилъаяв МасгІудил вас ГІабдуллагьица бицана: «Бищун ритІухъаб калам Аллагьасул калам буго, бищун хирияб кІалъай Аллагь рехсей буго, бищун квешаб беццлъи ракІ беццлъи буго, бищун кІудияб пашманлъи къиямасеб къоялъул пашманлъи буго, бищун лъикІаб бечелъи нафсалъулги ракІалъулги бечелъи буго, бищун лъикІаб нахърател ТІадегІанав Аллагьасдаса хІинкъи буго, мехтел-гьекъей мунагьазул эбел буго, руччаби щайтІаналъул кумекчагІи руго, гІолохъанлъи гІантлъиялъул гІаркьел буго, бищун хІарамаб магІишат рибаялдалъун щвараб буго, бищун гІемер гъалатІал гьереси бицунеб мацІалдалъун руго», – ян.

Самитил вас ГІибадатица бицараб хІадисалда аварагас абулеб буго: «Нужеца дие анлъго жо цІунизе къотІи гьабе, дица нужее алжаналдалъун къотІи гьабила: нужеца хабар бицунеб мехалъ битІараб бице, диналъул вацасе къотІи гьабураб мехалъ гьеб къотІиялъе хилиплъи гьабуге, нужеда божун тараб жоялъулъ хиянат-рекІкІ гьабуге, хассал бакІазда маслахІаталъе бицине изну кьуна.

Имам ан-Наввавияс хъвалеб буго: «Цо бусурбанчи вахчани ва гьев чІвазе, яги гьесул боцІи бахъизе вачІунев залимчияс гьев вугеб бакІ гьикъани, бусурбанчиясул рухІ яги боцІи цІунун гьереси бицине тІадаб буго», – ян.

Гьединаб хІалалъулъ гьереси бицине бегьиялъе гІалимзабаз далиллъун бачана Умму-Кулсумица бицараб хІадис: **«Гьерсихъан кколаро гІадамазда гьоркьоб маслахІат гьабиялъе гьереси бицунев чи»**, – абураб.

ХІусенил вас Суфяница бицараб хІадисалда буго: **«Гьереси бицине хІарамаб буго лъабго бакІалда хутІун: кІиго чиясда гьоркьоб рекъел гьабиялъе, капурзабазде данде бугеб рагъулъ ва рос-лъади данде гьариялъул ниятада»**, – ян.

Аллагь разилъаяй Умму Кулсумица абуна: «Дида свалат-салам лъеяв аварагас гьал бакІазда гурони гьереси бицине изну кьолеб рагІичІо», – ян.

Аллагьас киназего тавпикъ кьеги гьаб къабихІаб гІамалалдаса цІунун, Аллагь рехсеялда мацІ машгъул гьабизе.

**ИСРАФИЛ-ХІАЖИ.**
**(Ассалам газеталдаса босараб)**

*Хирияб моцI*

# РабигIул аввал



**Киналго гIалимзаби рекъон, бижанщинаб жоялъул бищунго хирияв, гIадамаздасаги, малаикбаздасаги, женаздасаги, хутIарал хIайваназдасаги, рухI гьечIел жалаздасаги, ГIаршалдасаги, гIодоб ракьалдасаги - киналдасаго хирияв чи нилъер авараг, нилъер саййид, ай киналго нилъер хIалал тIаде росулев, гьел къачIалев, свалат-салам лъеяв МухIаммад авараг ﷺ вуго.**

Хъвай-цIали жиндие букIинчIев, гIарабияв, къурайшияв, гьашимияв, Аллагьасул свалатги саламги лъеги гьесда. Гьесул эмен – ГIабдулмутIалибил вас ГIабдуллагь вуго, эбел - къурайшияздаса Загьриязул Вагьбул яс Аминат йиго.

Гьев аварaглъун витIана Маккаялда ва гьенив чIана анцIила лъабго соналъ гIакъуба – захIматги баччун, тамахаб рагIиялдалъун иманалдеги, лъикIаб гIамалалдеги ва хъанчие лагълъи гьаби теялдеги гIадамал ахIулаго. Цинги тIадегIанав Аллагьасул изнуялдалъун гьижра гьабуна Мадинаялде, ва гьениб байбихьана Аллагьасул изнуялдалъун халкъ исламалде ахIизе, хвалчадалъунги рагъалдалъунги.

Ай жалго цIунизе ва гIадамазухъе дин-ислам щвезабизе гьукъулезде данде къуват хIалтIизабун. Гьес гьарулел рагъал ракьал рахъиялъе, бечелъи щвелъе, капурзаби чIвазе яги жидее мукIурал гIадамал гIемерлъиялъе яги цоги мурадазе гIоло бугеблъун букIинчIо.

Мадинаялда вукIаго свалат-салам лъеяв Аварагас, анцIго соналъ гьазаватги гьабун, гIадамал исламалде ахIана, кьокъа-кьокъаби ккун гьел Аллагьасул диналде рачIинегIан. Цинги свалат-салам лъеяв Аварагасул хирияб рухI босана гьесдаса изнуги тIалаб гьабун. Жиндирго агьлуялдаса свалат-салам лъеяв Аварагас нахъе течIо жиндирго яс ФатIимат (р.гI) гурого, ва руччабазул ичIго чIужуги гурого. Гьев вукьана жиндир хирияб рухI жаниб босараб хIужраялъув. Аллагьас нилъ киназего ризкъилъун кьезе, хIакъикъаталда букIараб жойилан абун.

ХIакълъунго, тIадегIанав Аллагьас къотIи босана киналго аварагзабазухъа, ай нусиялда къоло ункъазарго аварагасул щивасухъаги гьезул умматазухъаги, халкъалъулго хирияв свалат-салам лъеяв МухIаммад авараг жидер заманалъ вачIанани, гьесде иманги лъезе гьесие кумекги гьабизе.

Нилъер хирияв авараг МухIаммад ﷺ ккола киналго аваргзабазулги гIадамазулги бищунго берцинаб рижиялъул, сураталъул инсан. Гьединго, МухIаммад авараг ﷺ ккола киналго аваргзабазулги тIолго халкъалъулги бищунго тIабигIат-гIамал берцинав инсан. ТIабигIат берцинлъи – гьеб ккола нафсалъул къуват, жиндалъун сипат ккурав чиясе берцинал пишаби гьаризе бигьалъулеб. Аварагасул ﷺ тIабигIатазул берцинлъиялъе далиллъун гIела тIадегIанав Аллагьасул рагIи:

МагIна: **«ХIакълъунго мун цIакъ тIадегIанал тIабигIатазул бетIергьан вуго».**

**АВАРАГ ﷺ ГЬАВУРАБ КЪО**

Аллагьас хира гьарурал сардаздасан ккола нилъер хирияв МухIаммад Авараг (с.т.гI.в.) гьавураб сордоги. Гьеб ккола РабигIул аввал моцIалъул 12-леб сордоялъ ва къоялъ мавлидал ахIун, Аварагасул (с.т.гI.в.) бицун, Аллагьасе рецц гьабун рохел загьир гьабила гьелдалъун нилъеего шафагIат щвезе нияталда, гьединго садакъа – хайрат ва дугIа-гьариги гIемер гьабила.

Бегьиларо нилъеца жив нилъерго рухIалдасаги цIакъ вокьи ва кIодо гьави диналъул аслулъун букIин.




ги Аварагасул шафагIат, жиндирго вацаздасаги эбел-инсудасагицин чи лъутулеб Къиямасеб къоялъ.

Аварагасул гIумру 63 сон букIана, аваргълъи 23 соналъ букIана, Мадинаялда I0 сон бана.

Нилъер Аварагасул аваргълъи кинабго халкъалъе - гIадамазеги женазеги - шаригIат гьезда тIадкъаялъул рахъалъ гIаммаб буго, Аварагасул заманаялъ рукIаразеги, гьесдаса хадур къиямасеб къо чIезегIан рукIине ругезеги.

Гьединго нилъеда тIалъула, Аварагасул керенги хъвалхъун, ракIги къватIибе бахъун, гьениса инсанияб би-дул кесек нахъе рехун, илагьияб хIикматаздалъун гьебги цIезабун, щибго унти Аварагасда лъазе течIого, букIараб хIалалъ тIад буссун гьеб ракI лъеялде иман лъезе гьев Авараг (с.т.гI.в.) гьавураб сордо - къо кIвар гьабичIого, гIадатияб сордо гIадин тезе. Воре цIакъ бахъе къокъгогIаги Хириясул (с.т.гIв.) гIумруялъул ва тIабигIатазул хIакъалъулъ лъай тIалаб гьабизе.

Лъазе ккола МухIаммад Авараг (с.т.гI.в.) бищунго хирияв аварaг вукIин ва гьес кинабго лъикIаб, пайдаяб щинаб жо нилъеда бицараблъи нилъеца жиб гьабизе. Воре тIадаб жо гурилан суннатазул кIвар гьабичIого тоге, гьесда нахърилълъиналъулъ гурого хвасарлъи нилъее гьечIо. Аварагасул (с.т.гI.в.) суннат цIунизе ккани гьев вокьизе ккола, вокьизе ккани гьесул гIемер бицине ва салават гIемер битIизе ккола.

Хасго гьев гьавураб моцIалъги, сордоялъги рузман сордоялъги гьев вокьун гIемер салават битIе.

*Сахлъи - инсанасул бечелъи*

# УргьисалабазулЪ чIинхал ругони

**УргьисалабазулЪ чIинхал лъугьиналъе гIиллалъун букIине бегьула багIарараб гьава-бакъ. Бакъуца тIомолъ цIикIкIинабула Д витамин. Гьелъ кIварщулъ гIемерлъизабула кальцийги фосфорги. Цинги гьел дагь-дагьккун кристаллазде сверула.**

ГIураб къадаралда лъим гьекьонгутIиялъги рачуна ургьисалабазулЪ чIинхал лъугьиналде. Лъим дагьаб гьекъолезул кIварщулЪ гIемерлъула батIи-батIиял цIамалги кислотабиги. ЧIинхал лъугьиналъе кквербакъула гьорлъ кальциялъул цIамал гIемерал нигIматал хIалтIизариялъги, сах гьаризе кIоларел нефрит, холецистит, колит, подагра гIадал унтабазги.

Ургьисалабазда жанир чIинхал ругони, дагьабниги хIалккейгун ахадаса мугъ унтула, кIварщуда цадахъ би бачIуна. Бокьараб мехалда гьелъ захIматаб, хIехьезе кIолареб унти бачIинабизе бегьула. Гьединаб унти бачIуна чIимих ургьисалабазулЪаги ун кIварщул нухазда жаниб къан хутIидал. Гьелъ кIварщ къватIибе бачIине биччаларо.

ЧIимих къан бачIунеб унти (колики) лъазе бегьула гьадинал гIаламатаздалъун: кирехун руссун реганиги, ахадаса мугъ унтула; ракI багъаризабула, лагIдезарула; чIечIого, дагьдагьккун кIурщезарула.

Тохтурас ургьисалабазулЪ чIинхал ругин абулеб бугони, бачIараб унтиги (колики) ургьисалабазулЪ букIиналда ракIчIей бугони, гьеб бигьалъизабила гьадин:

I. Гьабила ношпаялъулги баралгиналъулги укол. Гьезул таблеткаби гьекъезеги бегьула.

2. Мугъзал ахада, унтулеб бакIалда лъела бухIараб грелка.

3. ЛъикIаб хIасил кьола «цинстенал» абулеб препаратальги.

Амма, унти ургьисалабазул букIин якьинго лъалеб гьечIони, тIадехун рехсарал жал гьаризейилан лъугьине бегьуларо. Щайгурелъул, ургьисалабазул унтул гIадал гIаламатал, апендициталъул, ва цогидал унтабазул хIасиллъунги рукIине бегьула.

Ургьисалабазда жанир лъугьарал чIинхал гIаламатал раккани, кIварщул, бидул анализал кьезе, УЗИялда лъун хал-шал гьабизе ккола. Нилъго нилъецаго сах гьаризейилан лъугьине бегьуларо. ГIицIго тохтурасда лъала данде кколеб дару.

Ургьисалабазда жанир лъугьарал чIинхал цо сантиметралдаса чIахIиял гьечIони, гьел хурдузул кумекалдалъун риинарула. Руго цо-цо дараби чIинхал риинарулел, рихххизарулел ва гьел бигьаго къватIире рачIиналъе кIварщул нухал гIатIид гьарулелги.

ЧIинхал чIахIиял ругони, гьел риинаризе кIолел гьечIони ва гIумруялъе хIинкъи бугони, гьабизе ккола операция.

**УргьисалабазулЪ чIинхал лъугьунгутIизе:**

I. Щибаб къоялъ гьекъела чай, кофе, сокал рикIкIинчIого, I, 5-2 литр бацIцIадаб, тIокIкIараб лъел.

2. Щакьго гIемер хIалтIизаризе лъикIал гьечIо рахьдал нигIматал.

3. Риидал бакъудаса цIунила.

4. Ургьисалабазда жаниса чIинхал инарурал гIадамаз лъагIалида жаниб 2 нухалъ гьабизе ккола УЗИ. Щайгурелъул, гьел цIидасан раккизе бегьула.

**Халкъияб тохтурлъиялъул хазинаялдаса**

# КАРИЕС – цаби-гIусазул унти

**Кариес - ккола дунялалда тIад бищунго тIибитIараб цаби - гIусазул унти. Гьелъ цаби-гIусазул ракьа (ткань) чIегIерлъизе, туризе, бакI- бакIазда гьитIинал гьодорлъаби лъугьинарула. Кариесалъ цаби - гIусал унтизе байбихьула I,6 сон баралдаса ва хасго гьеб гIемерлъун буго лъималазул, балугълъиялъул гIумруялъул заманалда кариес баккиялъе гIилла жеги чIезабун гьечIо. Амма якъинго лъалеб жо буго гьеб чорхолъ кколел хиса-басиязда, кIалалъул ва цаби гIусазул рацIалъиялда, кванилъ чакар гIемерлъиялда, нилъеца кваналел нигIматазулъги, лъелъги фтор дагьго букIиналдаги бараб букIин.**



Гьединго кариес баккиялъе квер бакъулел шартIаллъун ккола лъимадe йигей мехалда ва хадуб эбелалъ, ва лъимералъ кванил низам цIунунгутIи, батIи - батIиял рахъунел унтаби щвей.

БукIинесеб лъимадул цаби - гIусазе заралияб асар гьабула гьединго лъимаде йигей мехалъ эбелалъ хIалтIизарурал батIи - батIиял дарабаз, хасго тетрациклин абулеб даруялъ.

Кариесалъул байбихьи щибго квал - квал гьечIеб букIуна. Гьеб заманалда цаби -гIусазда баккула тIулакьераб тIанкI. Замана барабгIан гьеб гьитIинабго гьодорлъиялде сверула. Цаби - гIусал цIорон - хинлъун лъугьани ва гьодорлъиялде жанибе гьуинаб кванил хутIи ккани, цаби унтизе лъугьула. Унтарал гьеб заманалдаго тохтурасухъе инчIони, цабзазул гьодорлъи жеги кIодолъула ва цаби хвезе лъугьула.

Цабзазул нервабазул унти (пульпит) кориозныяб унтиялдаса захIматаб букIуна. Унти баккула щибго гIилла гьечIониги. ЦIикIкIуна гIемерисеб къасиялде ва бакI- бакIазде кIанцIун унтизарула гIундул, гьванша, къуншби, бащадаб бетIер ва сахал гIусалги.

ГIемерисел унтарал тохтурасухъе рачIуна цабзазул унти нервабазде щведал. Кариесалъ унтаралдаса гьел сах гьаризе захIмалъула живго унтаразеги, тохтурасеги.

Баянаб буго унти сах гьабизегIан гьеб баккунгутIиялъе тадбирал гьаризе бигьаяб букIин. Гьединго кариес гьукъиялъе данде рагьги байбихьизе ккола цаби раккизегIанги, ракун хадусалаги. Цаби раккизегIанго гьарулел тадбирал киналго лъимер гьабизе йигей, гьабуралдасаги гьеб хьихьулей эбелалъул сахлъиялда, кванида, лъимер хьихьиялъул шартIазда хурхарал руго. Гьеб заманалда кванилъ гьарзаго хIалтIизаризе ккола витаминал А, В, С, Д гьорлъ ругел продуктаби.

*Ахир 8 -аб. гьумералда.*

# КАРИЕС – цаби-гІусазул унти

*Байбихьи 7-аб. гьум .*

Гьединго цаби - гІусазул гІуцІиялъулъ аслиял кІвар бугел кальциялъул ва фосфоралъул цІамал гьоркьор гьарзаял кванил продуктаби, рахь ва рахьдал продуктаби, ханал, чIегIер хIайваналъул тІул, чучгІа, гречкадул крупа, цІиял овощал ва пихъал гІемер кваназе ккола.



Цаби-гІусал раккун хадусала бербалагьи букІине ккола лъималаз кванилъ гІемер гьуинлъаби, хасго чакар, цаби - гІусазда рекІун чІолел конфетал хІалтІизарунгутІиялда хадуб. Гьезие кьезе ккола гьуинаб чай, компот, сокал кофе, рахь ва гь. ц.

Кариес гьукъиялъе гьединго кІудияб кумек гьабула цаби - гІусазе кидаго хъулухъ гьабиялъги. Цаби - гІусал рацІцІад гьаризе ккола радал ва къаси регилалде цере, кванан хадусала кидаго хулизе ккола бацІцІадаб, гІемер цІорочІеб лъеца.



# Имбир ва имбиралъул кьибил

**ГІажаибаб тІагІамалъул нигІмат ва дару гьеб букІин инсанасда лъалаан 3 азарго соназ цебего. Имбирь тІоцебе бижана ва ВатІан ккола севернияб Индия, хадубго гьеб нигІмат тІибитІана Китаялда, Африкаялда ва цогилалги хинлъи бугел улкаязда. Имбиралда гІарабаз занджабила абула. Имбиралъул ва гьелъул кьибилалъул инсанасе гьекъезе тІагІамаб нигІмат букІин рехсон буго къуръаналдаги.**



Алжаналъул ахазда ругел уматалъе гьекъезе кьезе руго тІагІамал журарал гьекъолел жал, тІагІамалъул рахъалъ имбиралда релъараб, гьеб буго пайдаяб, тІагІамаб гьекъолеб жо, - хъвалеб буго («аль-Инсан» сураялъул 15-18 аяталда.)

Дунялалдаго цІар рагІарав бусурбабазул гІалимчи Ибн-Сина (Авиценнаца) жиндир заманаялда Имбиралъул ва гьелъул кьибилалъул тІоцебе баян кьуна, рехсана даруял рахъал, кинал унтабазе кинан хІалтІизабилебги бихьизабуна. Инсанасул черхалъе гІемерал унтабазе сахлъиялъе гьечІого гІолареб нигІмат гьеб бугин ракІеда жо чІеялъе, безул канлъи лъикІлъиялъе, кванирукъ лъикІ хІалтІиялъе, кваниде къасд борхиялъе ва цоги нус-нус батІи-батІиял унтаби нахъ чІвазе тІокІлъабазул. Гьеб нигІматалъ инсанасул черхалъулъ хинлъи цІикІун заманаялъ чІезабула, - ян хъвана гьес. Авиценаца хъварал малъиял ритІарал ва пайдаял рукІин хъвана дунялалъул цІар рагІарал гІалимзабаз медспециалистаз, жакъасеб къоялъул медицина цо бакІалда чІараб гьечІеблъун ва рагьана гьеб гІажаибаб нигІматалъулъ ругел балъголъаби гъваридго лъазаруна. Имбирь гьорлъ бугеб дарманазул, рецептазул сияхІ жакъа кІудияб буго.

Имбиралъул кьибилалда руго С , ВI , В2 , минералиял веществаби :- алюминий, калий, кальций, железо, марганец, хром, фосфор, германий, каприливая, никотиновая линолевая кислотаби. Гьелъул кьибилалда бугеб бухІизабулеб тІагІам ккола фенополодниял веществаби. Имбиралъул кьибилалъ твезе жо бачІинабула. Гьеб ккола антибактерияб, микробал хвезарулеб, антисептикги. Гьелъ рацІад гьарула сосудал, квен биине квербакъула,з агьруял гІурдахІанал ва цогидал кванил нигІматазги отравить гьарурал сах гьарула, инарула тІомалда раккарал язваби, бакъазда тІамурал жал, цІикІинабула бихьиназул ва руччабазул цо-цаде къасд ккейги.

Имбир найил гьоцІоги жубан гьабураб чай лъикІаб букІуна квачараб гьава-бакъ бугеб мехалда гьекъезе. БатІи-батІиял унтабазе халкъиял ва медициниял рецептал нус-нус руго. Гьел бокьараз интернеталда рагьизе бегьула.





# ГІолохъанго тІуна гІумруялъул кун

Ле дир гІел бащадав, дир парта цояв,
Дир гьудул, дир гьалмагъ, дир гІагарав чи,
ТІоцебеселдаса ахиралде щун
Киналго классазда цадахъ цІаларав.

Мун вукІана дие тІей гьечІев гьалмагъ
ГьитІинаб мехалъги гІураб мехалъги,
Росдал хІалтІабазда хІажат ккаразе
Гьалмагъ нилъ камураб бакІго лъаларо.

Цоцада гъеж гІунтІун киса кирего
Мажгит къулгІаялда нухал кьоязда,
Къварилъи ккаразухъ рохалиеги
Кидаго рукІана кІиялго цадахъ.

Росдал тадбиразда мавлид зикруди
АскІов вукІунаан дида Маккаяв,
Кумек хІажатазе сахлъи хваразе
Заман цІехечІого вачІунаан мун.

Рохьор цІул къотІиги чанае инги
Кидаго цадахьаб букІана хІалтІи,
Ав хІалтІизе щвезе балагьун чІарав -
Дун хехго щвайилан бачІана ахІи.

Дица салам кьуна - буссинабичІо,
Гьалмагъин абуна - жаваб гьабичІо.
Боголил какги бан цадахъ вукІарав
ХІухьел цІалеб гьечІо, кІалъалев гьечІо...

Мун ана, дир гьалмагъ, дир ракІги лъукъун,
Халатаб сапаралъ, нахъе чи щвечІеб.
Дуца лъуна, гьалмагъ, черхалда ругънал -
КигІан заман унги сахлъизе гьечІел.

Мун ракІалде щвейгун хабаде вачІун
Дица дуе къулгъу цІалила гьалмагъ,
Цадахъ арал къоял ракІалде щвейгун
Зонохъеги вачІун зикру бачила.

Киназего щолеб ахирисеб къо
Ахират лъикІаб кьун арав ватаяв,
Мекълъи тІекълъиялде регьичІел кверал
Пихъ тІолел ратайги Алжанул ахикь.

Дир гьалмагъ, Маккаяв, дуй нух битІайги!
Дида мун кІочараб къо бачІинаро.
ЗияраталЪ щвела, зонохъе щвела,
Дуе Алжан гьарун дугІа гьабила.

**ЩУГІАБИЛ ЮСУП.**
**Гьерел росу**

# КъанцІа -черх бацІцІад гьабулеб нигІмат

**КъанцІа гьабула батІи-батІиял пихъазул: цІолбол, кишмишалъул, чамастакалъул, инжиралъул, карул, гІечул, ридиялъул ва цогидазулги. Бищунго лъикІаблъун рикІкІуна цІолбол къанцІа.**

КъанцІаялъул буго лъабго батІияб тІабигІат:

I. БухІараб (цІадулаб) - гьелъ черхалъул картІал рагьула, бидурихьал гІатІид гьарула.

2. ЦІорораб (ракьулаб) – гьелъ лага къвакІизабула, щула гьабула.

3. ЦІорораб (лъадалаб) -гьелъ чорхол лугбал тамах гьарула, нерваби гІодоре риччазарула.

Цо къоялъ Бичасул аварас гьикъанила ГІайшатида кваназе щиб бугебилан. Гьелъ абунила къанцІа бугилан. Аварагас абунила дандежоялъе лъикІаб жо бугилан. Аварагас кваналеб букІун буго чедгун.

— КъанцІаялъ черхалъе хІалхьи бачІинабула, гьеб бацІцІад гьабула, кванирукъ щула гьабула.

— Гьеб лъикІаб буго кьечІалъе, гьорой инабизе

— Гьелъ чехь-бакь лъикІ хІалтІизабула, квен биинабула, би лъама гьабула.

— ЦІамгун къанцІа гьекъани, гьелъ загъру къватІиб бачІинабула, риччелелдаса (слизь) чехь-бакь бацІцІад гьабула.

— КъанцІаялъ кІал хулани дабаздаса бачІунеб би къотІула, гьел щула гьарула ва гІусалцабазул унти инабула.

— Гьелъ кванде гьира базабула.

— БухІараб бакІалда тІад бахани лъимгун жубараб къанцІа, гьелъ гьеб сахлъизабула.

— КъанцІадул хІухьладе (гьалдолеб лъимгун жубараб) тІаде къулун чІани ботІрол унти, гаймарит, гІундузда жаниб бугеб сас ва гІинда бакІлъи инабула.

ГьарангуН цадахъ жубан дабазда бахани,гьелъ рагъардулел цаби чІезарула.

— Дагьабго къанцІаги жубан хинаб лъим гьекъани,гьелъ кьеч буссинабула.

— РецІ ккураб, багІарлъараб бакІалда тІад къанцІаялъулъ ччураб квас-квас яги катан къани – гьеб сахлъула.

КъанцІа лъикІаб гьечІо санал рарал, черх загІипал чагІазе, гІисинал лъималазе, рукьби унтарал,шагьват загІипал чагІазе. Гьединго лъикІаб гьечІо нерваби унтарал, чорхолъ цІорой цІикІкІарал (флегматик), гьанжего-гьанже сахлъун тІаде рахъарал гІадамазе.

Амма гьелъул зарал инабула кьарияб гьанал гьагІугун, гьуинлъигун (чай, сок, компот) гьебгун гьекъани. Нерваби унтараз къанцІа хІалтІизабизе ккола гьоцІоги жубан.

## АхІулгохІил къисаби

АхІулгохІде гьужум гьабулел къояз гІурусазухъе асирлъуде ккана кІиябго гьеж къотІарав цо магІарулав. Имамасул аскаралъул хІакъалъулъ баянал щвезе къваригІун, гьесухъа сурав босулев вукІана гІурусазул генерал. Мурид гьесие щибго жаваб кьечІо. Цо заманалдасан, живго гІодов чІараб бакІги нахъегІан къазабун, мурид кІиябго хІетІе цеве чІарав генералас караНда кьабуна. Генерал чехьатІаде гІодов речІчІана. Ццин бахъарал солдатал лъугьана мурид вусс-вуссун валилан. Генералас, гьелги чІезарун, абуна: «Живго те, гьав гІадал бахІарзал нилъер рукІаралани, АхІулгохІ цебего бахъун букІинаан».

* * *

Хъизангун цадахъ АхІулгохІде гочаразда гьоркьов вукІана ГІоротІаса СагІадулагь абулев муъминчиги. ГІарададул гуллаги щун, захІматго лъукъарав СагІадулагьида тІад хурхана гьесул чІужу. РухІ босулаго, гьес чІужуялда жиндирго ярагъ бихьизабуна. Росасул ханжарги босун, ягъулей йикІарай гьей захІматго лъукъана. Тушбабазухъе асирлъуде ккезе гурилан хІинкъун, гьелъ жиндирго гьитІинал ясазда (5 ва 7 сон барал) абуна жиндие къурул рагІалде хъурщизе кумек гьабеян. Гьоркьа ПандигІор беролеб къурул рагІалде щведал, гьелъ карандеги къан, ясазда убачал гьаруна ва тушманасда кодоре щвечІого рукІинелъун, гьел гьоркье тункана. Цинги гьезда хадуй жийгоги кІанцІана.

**«Имам Шамил» тІехьалдаса**

## Объявление

Аттестат выданный в 1992 году Шидибской общеобразовательной средней школой **Магомедовой Марьям Гаджиевне** под номером А-114419 утерян. Документ считается недействительным.

ГЛАВНЫЙ РЕДАКТОР
**Раджабов Расул Абакарович**
**Газета гІуцІарал:**
ЛъаратІа районалъул администрациялъул ва редакциялъул хІалтІухъабазул коллектив

Газеталъул регистрация гьабуна печаталъул ва информациялъул эркенлъи цІуниялъул республикаялъул инспекциялъ Рег. № 0106

Материалалда рихьизарурал хІужаби ритІарал рукІиналъул жавабчилъи тІаде кколев авторасулгун редакциялъул пикраби дандеккечІого рукІинеги бегьула.

**Адрес редакции:**
368420: Республика Дагестан
Тляратинский район,
с.Тлярата
Тираж 1100 экз. Индекс: 51372

Газета отпечатана в типографии "Лотос" по адресу: г. Махачкала, Пушкина, 6
*Время подписания в печать: по графику: 19.00 фактически: 19.00.*
30.09.2021 Заказ __________